



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS NAN LAPOLIS ETA A ENSTRIKSYON POU LI POTE ASISTANS NAN ANKÈT SOU AFICH SIPREMESIS BLAN NAN ANBALAVIL TROY

"Mwen toumante anpil poutèt afich sipremesis blan yo jwenn ki kole sou poto telefòn yo ak sou bwat a lèt yo nan anbalavil Troy.

Afich sa yo non sèlman ap simaye diskou rayizans, y ap pote laperèz ak divizyon andedan kominote nou yo, epi nou tout dwe kanpe ansanm pou rejte retorik sa a rayizans ap alimante a touswit.

Mwen pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou li pote asistans bay otorite lokal yo nan ankèt yo a pou garanti yo jwenn moun ki responsab yo epi fè yo sibi konsekans yo nan tout mezi lalwa pèmèt sa. Zak sa yo pa sèlman bay degoutans - yo ilegal, epi nou p ap janm kite rayizans ak diskriminasyon divize nou nan New York".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)